

# KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



## REYINYON IBRID (MELANJE) KOMITE SKOLÈ BOSTON

15 novanm, 2023, a 6:00 diswa

Reyinyon Komite Skolè Boston an ap fèt an pèsòn nan lokal Bruce C. Bolling Municipal Building, 2300 Washington Street, School Committee Chamber (Chanm Komite Skolè a), 2<sup>nd</sup> Floor (2yèm etaj), Roxbury, MA 02119, e l ap transmèt an dirèk sou chèn [Boston City TV](#) (Xfinity Channel 26, RCN Channel 13, ak sou Fios Channel 962) ak sou [Zoom](#).

**Tanpri klike sou lyen anba a pou w antre sou webinè Zoom nan :**

[https://k12-bostonpublicschools.zoom.us/webinar/register/WN\\_R3n2cMRaSEGUbJr07ZVeXg](https://k12-bostonpublicschools.zoom.us/webinar/register/WN_R3n2cMRaSEGUbJr07ZVeXg)

**Kòmantè Gran Piblik la :** Tanpri enskri [nan lyen sa a](#) pou w temwaye. Enskripsyon pou fè kòmantè piblik ap tèmine a 5:00 nan laprèmidi, jou reyinyon an. Komite a ap kontinye ofri de (2) peryòd pou moun fè kòmantè, kote ke premye peryòd pou fè kòmantè a ap limite a en (1) èdtan. N ap bay priyorite a moun sila yo k ap temwaye an pèsòn. Si lè a pèmèt, apresa Komite a ap ouvri li pou temwayaj vityèl. Aprè en èdtan, nenpòt moun ki pa t gen opòtinite pou l te temwaye, ap gen opòtinite pou l fè sa nan fen reyinyon an. Ou kapab voye temwayaj ekri yo nan adrès imel [esullivan3@bostonpublicschools.org](mailto:esullivan3@bostonpublicschools.org) pou distribisyon bay Komite a.

### Pwogram Reyinyon an

- I. Apèl non
- II. Salye drapo/Sèman drapo
- III. Apwobasyon pwozè vèbal reyinyon an : 1ye novanm, 2023
- IV. Rapò Sipèntandan an
- V. Kòmantè gran piblik la (1 èdtan)
- VI. Mezi pou n pran
  - Kotizasyon pou apatenans nan Asosyasyon Komite Skolè Massachusetts la « Massachusetts Association of School Committees », pou ane skolè 2023-2024 : 8.635\$
  - Yon total 505.820\$ sibvansyon ki pou apwouve (ki bezwen apwobasyon)

Montan an	Ane Fiska l (Ane	Non Sibvansyon an	Estati li	Jesyonè Fon an	Domèn entèvansyon	Lokal yo
-----------	------------------	-------------------	-----------	----------------	-------------------	----------

	<b>Fina nsye a - FY)</b>					
40.940\$	2024	Play as an instructional Practice for 21st CCLC (Jwèt kòm yon pratik ansèyman pou 21yèm CCLC)	Kontinyasyon	TeeAra Dias	Edikasyon Timoun Piti	Nan tout distri a
334.880\$	2024	Playful Learning Institute (Enstiti Aprantisaj an fòm jwèt), Lekòl matènèl jiska klas 3yèm ane	Kontinyasyon	TeeAra Dias	Edikasyon Timoun Piti	Nan tout distri a
30.000\$	2024	ENB Family Literacy (Alfabetizasyon Lekòl Piblik Boston pou fanmi)	Renouvèlman	Kristen D'Avolio	Edikasyon pou Adilt	Adult Education, The Adult Learning Center (Edikasyon Adilt, Sant Aprantisaj pou Adilt)
50.000\$	2024	MassGrad Promising Practices – FC 320 BATA	Renouvèlman	Benjamin Helfat	An danje	BATA
50.000\$	2024	MassGrad Promising Practices – FC 320 BINCA	Renouvèlman	Tony King	An danje	BINCA
<b>505.820\$</b>	<b>Total</b>					

## VII. Rapò

- Mizajou sou Planifikasyon Kapital (Imobilizasyon) : Edikasyon ak divès Spesifikasyon Konsepsyon ak Mizajou sou ribrik la

## VIII. Komantè gran piblik la sou rapò a

### IX. Nouvo sijè

### X. Reyinyon an lage